

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun nganalisis struktur carita, jeung ajén étnopédagogi, nu hasil ahir dina ieu panalungtikan bisa dilarapkeun pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di SMP/MTs. Tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta: 1) maluruh struktur carita dina novel *Patepung di Bandung*; 2) maluruh ajén étnopédagogi dina novel *Patepung di Bandung*; jeung 3) larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta, struktural, ajén étnopédagogi, jeung kritéria milih bahan ajar. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta déskriptif analitis kalayan pamarekan kualitatif.

Struktur carita dina novel *Patepung di Bandung* karya Taufik Faturohman, sabada dipaluruh ieu novel téh miboga struktur carita nu lengkep ku ayana téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Téma nu diangkat dina ieu novel téh nyaéta kasabaran hiji budak dina ngarandapan sagala pasualan kahirupan nu didasaran rasa nyaah ka kolotna. Galur nu digunakeun dina ieu novel téh galur maju atawa mérélé, éta hal katitén dina tiap kajadian nu dicaritakeunna ngaruntuy. Tokoh nu kapanggih dina ieu novel aya 55 tokoh tapi teu sakabéh tokoh miboga peranan penting dina ieu carita, sedengkeun nu jadi tokoh utama dina ieu novel téh nyaéta Kondi, ku sabab tokoh Kondi atawa tokoh kuring téh aya dina sakabéh bagian carita. Anapon latar nu kapanggih dina ieu carita téh réa pisan nu kabagi jadi tilu nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Judul novel *Patepung di Bandung* téh saluyu jeung eusi caritana, sedengkeun puseur implengan nu dipaké ku pangarang nyaéta jalma kahiji-utama. Pangarang ngagunakeun basa sapopoé nu basajan jeung gampang kaharti ku budak, dina ieu novel gé kapanggih ayana sababaraha gaya basa, babasana jeung paribasa.

Ajén étnopédagogi nu kapaluruh dina ieu novel gé réa pisan. Sakabéh konsep kualitas jati diri urang Sunda nu ngawengku cageur, bageur, bener, pinter, jeung singer aya dina ieu novel. Ieu novel ogé bisa dijadikeun bahan bacaeun nu boga kualitas dina eusi caritana. Patalina hasil analisis nu bisa dilarapkeun pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di SMP, novel *Patepung di Bandung* bisa dipaké pikeun bahan ajar ku sabab geus nyumponan sakabéh kritéria milih bahan ajar, ieu buku ogé miboga ajén jeung kualitas nu hadé.

Sabada dipaluruh jeung dianalisis, bisa dicindekeun yén ieu novel téh miboga struktur carita nu lengkep, ajén étnopédagogi nu dipasing-pasing dumasar konsep kualitas jati diri urang Sunda ogé lengkep. Ieu novel gé bisa dilarapkeun pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di SMP/MTs.

## 5.2 Implikasi

Ieu hasil panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang, nyaéta widang atikan, hususna pikeun guru jeung siswa dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina mekarkeun bahan ajar di sakola, ogé bisa numuwuhkeun karesep tur karepna siswa kana diajar basa jeung sastra Sunda. Aya ogé dina widang sosial dipiharep bisa méré pangaweruh jeung ngeuyeuban bacaan-bacaan hususna dina ajén étnopédagogi pikeun ngungkulan kualitas jati diri urang Sunda.

## 5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun, kapaluruh ayana sababaraha rékoméndasi nu kudu ditepikeun ka sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, hususna pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi referensi minangka tatapakan panalungtikan saacanna. Pikeun guru dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun ngeuyeuban bahan ajar maca novel di SMP/MTs, ku sabab ieu buku miboga ajén jeung kualitas nu hadé, sedengkeun pikeun masarakat umum dipiharep bisa ngamanpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi bahan bacaan nu bisa numuwuhkeun karep dina ngaraksa basa jeung sastra Sunda.